



**ÒDONANS DIJANS NIMEWO 12
KONTE PALM BEACH COVID-19
DIREKTIV ANPLIS NAN ZAFÈ METE PWOTEKSYON FIGI**

KONSIDERAN, COVID-19 la, yon maladi respiratwa yon viris lakòz ki gaye rapidman sòti nan yon moun ale nan yon lòt epi ki ka lakòz maladi grav oswa lanmò, reprezante yon menas klè ak aktyèl pou lavi, sante, byennèt ak sekirite moun nan Konte Palm Beach yo; epi

KONSIDERAN, nan dat 9 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-52 ki deklare yon eta dijans pou Eta Florid akòz COVID-19 la; epi

KONSIDERAN, nan dat 13 mas 2020, dapre Seksyon 252.38(3)(a)(5), Lwa Florid yo, Konte Palm Beach te deklare yon Eta Dijans lokal akòz pandemi kowonaviris la ki te pwolonje depi lè a nan respè ak lwa ki aplikab yo; epi

KONSIDERAN, nan dat 24 mas 2020 Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye Dekrè Egzekitif 20-83 ki mande Chirijyen Jeneral Eta a ak Ofisye Sante Eta a pou pibliye yon avi sante piblik pou moun ki aje yo ak moun ki gen kondisyon medikal grav kache ki mete yo nan pi gwo risk pou gen maladi grav nan COVID-19 la pou rete lakay yo. Kondisyon sa yo gen ladan, men pa limite ak, maladi kwonik nan poumon oswa opresyon modere rive nan grav; kondisyon kadyak grav; sitiyasyon iminodeprime, ki gen ladan sila yo ki nan tretman kansè; ak obezite grav; epi

KONSIDERAN, Gouvènè Ron DeSantis te pibliye yon seri Dekrè Egzekitif an repons ak pandemi COVID-19 la, ki gen ladan Dekrè Egzekitif 20-112, yon Faz 1: Plan Entèlijans, San Danje, Etap pa Etap pou Retablisman Florid la, kote Gouvènè a te re-ouvri kèk biznis, epi Dekrè Egzekitif 20-120 ki, pami lòt bagay, te sèvi pou ajoute Konte Palm Beach nan kad Faz 1 an, ak Dekrè Egzekitif 20-123 kote Gouvènè a te pwolonje ak mennen tout konte Florid yo nan Faz 1 Konplè a; epi

KONSIDERAN, Administratè Konte a, dapre otorite yo ki site anba a, te pibliye plizyè Òdonans Dijans ki gen ladan Òdonans Dijans 2020-004, Direktiv pou Mete Pwoteksyon Figi, anvigè nan dat 13 avril 2020; epi

KONSIDERAN, nan dat 16 me 2020, Administratè Konte a te pibliye yon Dekrè Dijans 2020-008, ki amande Dekrè Dijans 2020-004 la, Direktiv pou Mete Pwoteksyon Figi, pou ajoute yon kondisyon obligatwa pou moun k ap itilize sèvis transpò komen Palm Tran Konte a pou mete pwoteksyon figi toutan lè y ap antre, nan trajè oswa ap kite bis la oswa veyikil transpò a; epi

KONSIDERAN, nan dat 4 jen 2020, Administratè Konte a te pibliye yon direktiv anplis nan Dekrè Dijans 2020-010 la ki mande pou mete pwoteksyon figi nan bilding Konte a genyen ak ap jere ki gen ladan, men pa limite ak, bilding biwo yo, sant sèvis yo ak bibliyotèk yo; epi

KONSIDERAN, nan dat 16 jen 2020 ak 23 jen 2020, pandan reyinyon Konsèy Manm Komisyon Konte a, Direktè Depatman Sante Florid nan Konte Palm Beach lan, Doktè Alina Alonso, te kontinye mete aksan sou enpòtans distans sosyal ak mete pwoteksyon figi tankou pi bon metòd pou diminye pwopagasyon Kowonaviris pandan pa gen yon vaksen kont maladi a; epi

KONSIDERAN, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) kontinye ankouraje tou itilizasyon pwoteksyon figi an twal pou ede ralanti pwopagasyon viris la; epi

KONSIDERAN, Konte Palm Beach te gen yon gwo ogmantasyon nan kantite ka pozitif pou COVID-19 nan fen mwa me ak jen 2020. Konsèy Manm Komisyon Konte a te detèmine li nesèsè pou pran mezi anplis pou minimize pwopagasyon COVID-19 la epi te mande Administratè Konte a pou pibliye yon òdonans anplis ki mande pou mete pwoteksyon figi nan tout biznis ak etablisman yo ak nan espas piblik anplennè yo kote distans sosyal pa posib.

KOUNYE A, PA KONSEKAN, NOU ÒDONE ISIT LA dapre Chapit 9, Atik II, Seksyon 9-35 Kòd Konte Palm Beach lan, ansanm ak otorite yo ban mwen nan Deklarasyon Dijans Gouvènè DeSantis te pibliye nan Dekrè Egzekitif 20-52 pa Chapit 252 Lwa Florid yo, Konsèy Manm Komisyon Komite a ak Plan Jesyon Dijans Global Konte Palm Beach lan, ak jan lalwa mande sa, mwen òdone konsa:

1. Konsideran ki anvan yo enkòpore isit la kòm referans.
2. **Òdonans Dijans 2020-004, 2020-008 ak 2020- 010 Konte Palm Beach lan anile epi ranplase avèk Òdonans 2020-012 sa a.**
3. Òdonans sa a aplike nan tout zòn ki entegre ak ki pa entegre nan Konte Palm Beach.

4. **Pwoteksyon Figi**

- a. **Biznis ak Etablisman - Pwoteksyon Figi Obligatwa.** Tout moun dwe mete pwoteksyon figi, sof jan sa espesyalman egzante nan Seksyon 4e. pandan y ap resevwa nenpòt byen oswa sèvis oswa vizite oswa travay nan nenpòt biznis oswa etablisman, epitou lè y ap antre, kite ak deplase ozalantou etablisman an. Nenpòt ki biznis oswa etablisman, ki gen ladan men pa limite ak, sila yo ki otorize opere nan kad Dekrè Egzekitif Gouvènè a oswa nenpòt Òdonans Dijans Konte Palm Beach sijè a dispozisyon sa a. Biznis ak etablisman sa yo gen ladan, men pa limite ak, restoran, etablisman vant an detay, otèl, magazen episri, sal espò, famasi, etablisman rekreyatif pa anndan ak machin transpò pataje.
- b. **Plas Piblik - Pwoteksyon Figi Obligatwa.** Tout moun dwe mete pwoteksyon figi nan plas piblik kote distans sosyal, an akò ak direktiv CDC yo, pa posib oswa pa pratike. Pou rezon dispozisyon sa a, plas piblik yo dwe gen ladan espas anplennè ki ouvri ak aksesib regilyèman, ki gen ladan, men pa limite ak, espas komen nan kominote prive ki aksesib ak plis pase yon inite lojman.
- c. **Palm Tran - Pwoteksyon Figi Obligatwa.** Tout moun k ap itilize sèvis transpò komen Palm Tran Konte a ki gen ladan itinerè fiks, koneksyon Palm Tran, Go Glades ak nenpòt lòt sèvis transpò Palm Tran bay, dwe mete pwoteksyon figi toutan lè y ap antre, nan trajè oswa ap kite bis la oswa veyikil transpò a, amwenske gen yon aranjman medikal ki te fèt ak Palm Tran alavans nan (561) 841-4287.
- d. **Etablisman Gouvènmantal Konte ak Minisipal yo - Pwoteksyon Figi Obligatwa** Tout moun k ap antre nan bilding gouvènmantal yo pou rezon biznis piblik, vizit, kontra ak antretyen, livrezon oswa nenpòt lòt aktivite ki mande pou prezan nan yon bilding gouvènmantal dwe mete pwoteksyon figi jan CDC defini sa toutan pandan li nan bilding lan. Pou rezon seksyon sa a, bilding gouvènmantal yo vle di nenpòt bilding Konte Palm Beach oswa minisipalite a genyen ak ap jere ki gen ladan, men pa limite ak, bilding biwo, sant sèvis ak bibliyotèk.

- e. **Egzanpsyon - Pwoteksyon Figi Pa Obligatwa.** Pwoteksyon Figi yo pa obligatwa pou moun anba yo:
1. Timoun ki gen mwens pase de (2) ane ak nenpòt timoun ki sou gad yon etablisman gadri otorize, ki gen ladan gadri lajounen yo;
 2. Moun sekirite Federal oswa Etatik oswa règleman sante yo entèdi mete pwoteksyon figi;
 3. Pèsonèl sekirite piblik, ensandi ak lòt sekirite lavi ki gen kondisyon pou ekipman pwoteksyon pèsonèl ajans pa yo reglemante.
 4. Moun pandan y ap patisipe aktivman nan egzèsis ak kenbe distans sosyal an akò ak direktiv CDC yo;
 5. Moun k ap resevwa byen oswa sèvis nan men yon biznis oswa etablisman pou peryòd tan ki pi kout la kote resepsyon byen oswa sèvis sa yo anpeche mete pwoteksyon figi tankou, men pa limite ak, manje oswa bwè oswa resevwa yon swen oswa tretman nan figi;
 6. Moun ki gen yon kondisyon medikal ki rann mete pwoteksyon figi danjere tankou, men pa limite ak, opresyon, COPD (Maladi Pilmonè Obstriktif Kwonik) oswa lòt kondisyon ki redui respirasyon oswa kapasite poumon;
 7. Moun kote mete pwoteksyon figi kreye konfli ak kwayans oswa pratik relijye yo; epi
 8. Pwoteksyon figi yo ka retire tanporèman pandan y ap ede moun ki gen pwoblèm tande oswa ki konte sou lekti lèy pou kominike.
5. Yon pwoteksyon figi gen ladan tout pwoteksyon ki byen kouvri nen ak bouch la, swa ki achte nan magazen oswa ki fèt lakay, mask oswa pwoteksyon an twal ki gen ladan men pa limite ak, yon foula, bandana, mouchwa oswa lòt pwoteksyon an twal ki sanble epi ki fikse nan plas li. Nou ka jwenn egzant pwoteksyon figi ki fèt lakay ki konfòm sou sitwèb CDC a: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/prevent-getting-sick/diy-cloth-face-coverings.html>. Moun ki mete pwoteksyon figi dwe revize direktiv CDC ak Depatman Sante Florid la konsènan byen mete, retire ak netwaye pwoteksyon figi yo. Moun yo pa ta dwe chèche mask ki klase N95 yo pou itilizasyon jeneral piske sa yo se founiti ki enpòtan pou pwofesyonèl swen sante yo, lapolis, ponpye, jesyon dijans oswa lòt moun ki angaje nan aktivite sove lavi ak sekirite. Anplis de sa, nan plas yo pwoteksyon figi jan sa defini nan seksyon sa a, moun yo ka mete ekran figi transparan, an plastik, ki gen yon pyès rijid, plastik transparan ki tache nan bando ki pwolonje anba manton an, swa li achte oswa fèt lakay. Pou moun ki pa kapab itilize san danje pwoteksyon figi yo, biznis yo dwe ofri aranjman rezonab jan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo mande sa, ki ka gen ladan, men pa limite ak, ofri sèvis sou bò lari oswa nenpòt lòt aranjman rezonab.

6. **Konfòmite:** Tout biznis ak etablisman yo, jan sa mansyone nan Seksyon 4 Òdonans sa a, dwe asire yo respekte dispozisyon yo ki nan Òdonans sa epi dwe etabli yon pwosesis verifikasyon lè kliyan an antre nan etablisman an. Lè yo pa etabli ak asire konfòmite sa yo ka lakòz amann, penalite ak/oswa nenpòt lòt mezi pou aplike lalwa kont biznis la jan sa etabli nan òdonans sa ak jan lalwa otorize sa.

7. **Afich:** Tout biznis ak etablisman yo, jan sa mansyone nan Seksyon 4 Òdonans sa a, dwe mete afich byen klè konsa:
 - a. Tout restoran ak etablisman sèvis alimantè dwe mete afich ki anekse isit la tankou [Ekspozisyon 1](https://discover.pbcgov.org/pdf/covid19/Restaurant-Mask-Poster.pdf) ki deziyen "Afich Obligatwa pou Restoran ak Etablisman Sèvis Alimantè". Afich yo disponib nan plizyè lang nan:
 - <https://discover.pbcgov.org/pdf/covid19/Restaurant-Mask-Poster.pdf>
 - <https://discover.pbcgov.org/pdf/covid19/RestaurantSpanish-Mask-Poster.pdf>
 - <https://discover.pbcgov.org/pdf/covid19/RestaurantCreole-Mask-Poster.pdf>
 - b. Tout etablisman vant an detay ak lòt yo dwe mete afich ki anekse isit la tankou [Ekspozisyon 2](https://discover.pbcgov.org/pdf/covid19/Retail-Mask-Poster.pdf) ki deziyen "Afich Obligatwa pou Etablisman Vant an Detay ak Lòt". Afich yo disponib pou telechaje nan plizyè lang nan
 - <https://discover.pbcgov.org/pdf/covid19/Retail-Mask-Poster.pdf>
 - <https://discover.pbcgov.org/pdf/covid19/RetailSpanish-Mask-Poster.pdf>
 - <https://discover.pbcgov.org/pdf/covid19/RetailCreole-Mask-Poster.pdf>
 - c. Afich ki obligatwa nan sou-seksyon a. ak b. anwo a dwe gen omwen dimansyon 8 1/2" x 11" ak enprime an koulè si posib.
 - d. Afich la dwe poste nan plizyè lang ki gen ladan Anglè, Panyòl ak Anglè.
 - e. Afich la dwe poste byen klè pou yo ka li wè fasil nan tout pwèn antre yo.

8. **Aplikasyon Lalwa:** Cherif Konte Palm Beach lan, lòt ajans pou fè aplike lalwa yo ki gen ladan ajans minisipal pou fè aplike lalwa ak nenpòt lòt pèsonèl lalwa otorize, ki gen ladan, men pa limite ak, pèsonèl ki dekri nan Seksyon 9-37 Kòd Òdonans Konte Palm Beach lan otorize pou ranfòse Òdonans sa a. Pwosesis konfòmite ak ranfòsman yo dwe gen ladan dispozisyon yon avètisman ak opòtinite pou korije anvan pwosè vèbal ki lakòz yo emèt amann. Pèsonèl otorize a ka pibliye pwosè vèbal sivil pou amann ki pa depase de san senkant dola (\$250) pou premye vyolasyon an ak senk san dola (\$500) pou chak vyolasyon anplis. Chak ensidan yon vyolasyon kontinyèl dwe konsidere kòm yon vyolasyon anplis apa. Rezolisyon Konsèy Manm Komisyon Konte a pral etabli yon kalandriye amann espesifik pou moun ak biznis yo pou aplikasyon seksyon sa a.

9. Nenpòt dispozisyon nan Òdonans sa a ki gen konfli avèk nenpòt dispozisyon lwa eta oswa federal oswa dispozisyon konstitisyonèl oswa konfli avèk oswa ki gen yon Dekrè Egzekitif Gouvènè oswa Prezidan Etazini ki aktyèl oswa ki pibliye apre ki ranplase yo, ap konsidere kòm pa aplikab epi konsidere kòm separe de Òdonans sa a avèk rès Òdonans lan ki rete entak ak anvigè. Nan mezi aplikasyon kèk oswa tout dispozisyon Òdonans sa a entèdi sou teritwa souvren yon tribi souvren oswa Endyen ke gouvènman federal la oswa eta a rekonèt, aplikasyon sa a ap eskli klèman nan Òdonans sa a. Dispozisyon Òdonans sa a dwe ranplase dispozisyon espesifik nenpòt Òdonans Dijans Konte a te pibliye ki kontrè oswa ki gen konfli avèk Òdonans sa a.
10. Òdonans sa a dwe antre anvigè nan 12:01 a.m. nan dat 25 jen 2020. Epi dwe otomatikman ekspire nan 12:01 a.m. Nan dat 14 jiyè 2020, amwenske gen yon lòt òdonans oswa aksyon Konsèy Manm Komisyon Konte a pwolonje li. Anplis de sa, yon lòt òdonans oswa aksyon Konsèy Manm Komisyon Konte a ka mete fen ladan nenpòt kilè.

KONTE PALM BEACH

Pa: [Siyati]
Administratè Konte

24 jen 2020
Dat

**ATESTE
GREFYE AK KONTWOLÈ**

Pa: [Siyati]
Grefye Adjwen

**APWOUVE SELON
SIFIZANS JURIDIK**

Pa: [Siyati]
Pwokirè Konte